Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ
# ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 70-71 (9974-9975) | 5 октябрь | Рузман | 2018 сон

## 5 ОКТЯБРЬ-МУГIАЛИМАСУЛ КЪО



Дида лъала эбел цо йикIунейлъи,
Цогияз кидаго гьей хисунгутIи;
Амма дир гIумрудул хIисаб гьабидал,
Йиго цоги чIужу цее ячIуней.

Анкьго сон букIана, ракIалда буго,
РикIкIадаб магIарухъ гIазизаб росулъ,
Жийго эбел гIадин, мацI чияр гIадан
Чияр васасухъ дихъ балагьарай куц.

Гьеб хинаб балаялъ нуха регIана
Киналго гIумрудул нухазулъан дун.
Кинго кIочонаро тIегь гъунеб гьветIги
Дир гъажалда лъураб тамахаб кверги.

Вера Васильевна, гIазизай гьалмагъ,
ТIоцебе гIурус дарс дие цIаларай,
Къого хасел ана нижер росулъе
Москвалдаса мун ячIаралдаса.

## БАРКУЛА!

ХIурматиял мугIалимзаби!
РакI-ракIалъ баркула нужеда ТIолгороссиялъулаб МугIалимасул къо.

Жакъа диеги бокьилаан цIар-цIарккун рехсезе диего тарбиялъай кьурал, гIумрудул дарсал малълъарал мугIалимзаби. Амма гьезул гIемерисел чIаго гьечIо, жалго даималъего рекIелъ хутIаниги. Хириял цIалдохъаби!

МугIалимзабазулго гIадин, гьаб байрам нужерги буго. РакIалде ккола цIалудехун бугеб гъираялъги мугIалимзабаздехун бугеб рокьи-хинлъиялъги роххизарилин нужеца гьел. Киназего гьарула сахлъи, роххел, халатаб гIумру, гIелмуялде рокьи ва гьабулелъулъ икъбал.

**М. ПАТХIУЛАЕВ,**
***районалъул бетIер.***

ХIурматиял мугIалимзаби ва лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби!

Баркула нужеда ТIолгороссиялъулаб байрам-МугIалимасул къо!

Изну кье дие ракI-ракIалъго нужеда баркизе ва гьаризе нужер щивасе хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, чорхое сахлъи ва халатаб гIумру.

Лъала нужеца тIаса бищараб нух бигьаяб гуреблъи, гьелъухъ кьолеб мухьги дагьаб букIин.

Баркала махщелцоял, цадахъ рекъон, гъункун нилъеца хадусеб гIелалъе гIелмугун тарбия кьуни, гIумруялъе гьезие лъураб кьучIлъун гьебги хутIила.

ТIанчIилъун нилъехъе рачIуна лъимал, хIанчIилъун роржуна нилъедасан гIолилал. Баркула цоги нухалъ нилъерго махщалилаб байрамкъо.

**ХI.ИЗМАГIИЛОВ,**
***Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник.***

# БОРЖУНЕБ ХIИНЧI, БИЛЪЛЪАНХЪУЛАГО ЛЪАЛА



ТIоцебесеб пикру чидар рахъалдасан яги цIакъго мухIканаб букIуна ялъуни вабил гIаксалда ккола.

Дун кIиялдасанго гIемер рикIкIаде ккечIо. Кидаго ретIакъарав, къамартIав, къадрияб рилълъанхъиги, пахрияб хьвадиги бугев гьев чи, я маданияталда хурхен бугев яги художник ватилилан тана дица. Доб заманаялъ галстукалги секретарь райкомасги пионеразги гурони ралароан, амма СултIан Расуловичасул гьеб аслияб ратIлил цо бутIалъун букIана. Гьебги рекъараб, щибаб ратIлил кьералде данде кколеб.

Хадуб лъана гьав мугIалим вукIин ва суратал рахъиялде лъимал ругьун гьарулев устар вукIинги.

Гьедин ана чамалиго сон.

«Господин случай» абула гIурусаз. Районалъул юбилеялде хIадурулеб заман букIана доб. Машгьурал гIадамал цIехолев дида, Хелекьурив щведал, жидер СултIан щай гьечIев дур сияхIалда гьорлъилан абуна.

Гьикъа-бакъи гьабуна, гьасдаго лъачIого цIех-рехги букIинарищха.

Щвана гьасухъе…. НекIо заманаялъ, яс гьаризе рачIунаго, тIоцере гьезул хIажатханалъуре лъугьунел рукIун руго рацIцIа-ракъалъиялъул хал гьабизе.

Хадуб гьелъул хIасилалда бараб букIанила- бегьиладай нуслъун йикIине, ялъуни, цойги багьанаги батун, толаанила ригьин. Гьединабго пикру бижана дирги гьасул азбаралде каву рагьидал ва рацIцIа-ракъалъиги, рагьда бугеб низам-тартибги бихьидал.

БукIайилан абе дир хабар халалъулеб- лъазе ккола цойгидаздаги, жидерго росулъги мадугьалихьги, гьадинав инсан вукIин.

КIурараб гьабу, гьутIбузул ахалъуда бахараб гач, оранжереялда гIадин, низамалда чIарал тIугьдул, гьенибги букIана къачIакIатIай, дарсиде унев СултIанида релълъараб.

Лъай-хъвай гьабуна ва гьелдасан жакъаги рази вуго дун. Ватана гIадатияв, гIадан вокьулев, бокьараб бахIсгун гара-чIвари гьабизе рекъарав чи.

Рукъ буго галереялде сверизабун, суратазгун некIсиял тIагIелаз цIун, музеян абуниги дун мекъи кколареб къагIидаялъ сокIкIун.

Эбелалъулги инсулги сурат-тIоцебесеб кьерда.

Кьуна дицаги гьелъие кьимат, къадру гьезул цIунарав, мустахIикъав ирсилав СултIан вукIиналъе.

Суратал рахъи- гьеб, гьабизе жо тIагIиндал, рекIелгьейищ, школалда дарсал кьезелъун бищараб махщелищан гьикъидал, гьав, жиндиего хаслъигун, гьимана.





- Дун гьавураб ва гIураб Хелекьурив вижарав чиясулъ, букIинчIого кин букIунеб батIияб бералда бихьулеб берцинлъиги гьайбатлъиги. Гьениб буго рохьги, риидалил мучIдулги ва кьиндал Сибиралъулаб тIабигIатги. ТIасан балагьидал, хъатиниб лъураб гIадин бихьула хьиндаллъи, лъадахъ гIашикъаб бакIилан абулелъул, ниж балагьун гIорцIун рукIине гIадин гьоркьан унеб ГIандигIорги. Дие гьитIинго бокьулаан мугIрул-щобахъе щвезе, тIогьиллъабазде вахине. Хер-тIегьалдацин инсанасул мацI лъалилан толаан дицаги Доб нижер росдада цебе бугеб магIарде вахиндал, цере лъола ЦIумадисезул росабиги. Цебе заманаялъ нижехъан гьенибе, лъелго хьвадулезе, нухги букIанилан биценги батана. Бокьулаан сурат бахъизе, къаламгун кагъатги камулароан дида кодоб. ТIаса бищизе бегьулаан букIараб цогидаб махщелги, гьелъие гIураб хIадурлъиги букIана, школалдаса щвараб. Щайилан жанибго бухъардулеб цойги суал букIана, киназдаго релълъаравищха дун вукIине ккolеван абураб. Ана художграфалде цIализе, дунго хIадурав художникин ракIалде кколев вукIарав дун, огь, мекъи ккун ватарав куцха. КьучIдасан хисизабуна дир пикру гьениб, гьанжего гьанже байбихьана балъголъаби рагьизе ва гьаб гIорхъиго гьечIеб художествалъулаб дуняалалде жувазе. Жакъаги дун учение гIадин гьеб гIелму рагьулев вуго ва гьелъие гIорхъиги гьечIо. Гьал дида цере цIалулел лъимал киналниги суратал рахъулелллъун лъугьинаро, гьезги бищила щивас жинди-жиндир махщел,амма дирго аслияб мурад- гьезда гьаб нилъер тIабигIат бичIчIизаби ва бокьизаби.

КечI ахIулелъул ва цIалулелъул кIвар кьун гIенеккулел гIадин, гIадамаздаги рагIизеги бичIчIизеги ккола тIабигIаталъул нилъедехун ахIи ва гьари. Гьеб кинабго букIунилан ккола дидани, квералги цере ккун, дун мерхьунге, дун чIинтIуге, чIоге тIад малилан гьарделеб. Гьеб бугоха дир гIумру, дир дуниял, дир бихьи, дир бичIчIи. Босун цебе мольбертгун сурат бахъизе релъен гьелда хъвалелде, дида цебе тIамула букIинесеб сипат-сурат.

Сурат бахъи гьебги - симфония, гьебги- кечI, гьелдалъун бижула гIишкъу, гьелъ кьола гIакълу ва гIадан вокьиялъе аслияб кьучIги.

Дир хъизан лъималазул гьикъулев вукIана мун, дицагоги пикру гьабула, рази вугищ дунгоян. Щивасеги хириял ратиларищха жидерго тIанчIи. Дирги тIад калам гьабизе бакI гьечIо, багIарлъизе ккечIо гьел сабаблъун киданиги.

Рази вуго Зайнабидасанги. Гьей, дие кумек гьабичIониги, квал-квал гьабуларей ккей буго дир талихI. Цо-цоял рукIунарищха бикIулел-бикIулел, гьаб щиб дур хIалтIи, дур вукIавахъин, те гьеб лъималазулаб расандиян, дир суратал рахъиялда бер гIунгутIигун. ГIакъилай чIужу щвей икъбал ккей буго, букIаниги, киназего квешезе еццун телин. Гьелъул гIаксалда, дицаго лъазабуна гьелдасан тохтурасул махщалие гIемерал балъголъаби. ЛъикIаб-квешалдасан дару батIа бахъизегIаги лъана.

ЛъикIаб бачIин буго гури исана дур цIолболин абизехъин вукIадго, гьав гьимана.

- Гьебгиха искусство, Аллагьасул рахIмат.Гьеб хIатIикь чIинтIун, гIодобе гьун бихьани, дир кутакалда щцим бахъуна. Бакъул нигIмат буго цIибил. ЦIцIузе ккола: дуе бокьаникъанцIа, къваригIани- жа, жегиги чорхое пайдаяб сокги гьабизе бегьула.

Сабурго гьес гьал тIугьдул ритIа-ришизарулелъул дун



довегIан ана, нугIзал гьечIого, гьезулгун накъиталда гьевги тун. Дие тIугьдузул бицунев вукIаниги, ракI гьесул гьелгун гаргалеб бугилан ккана. Кверал ххулана гьас, гьабичIого тараб цойги хъулухъ бугодаян, сверухъ ахикь бер речIчIизабуна. Бакъухъ кьинкIун валагьана, гьеб мехалъ ахIана будунас как.

СултIан Расуловичасул рукну тIубана. ТIокIаб суал дир букIинчIо ва кIваричIоан гьаниб гьаб - доб гьикъизе.

Гьас как бана, костюм ретIана, тIадаб налъи бугелъул, дарсиде ана.

Дун гьасул гIумруялдаги гIадат- гIамалалдаги кутакалда разилъана. Ва, дунги щай гьадинав вижинчIеван, балъгояб жахIдагун, жаваб щолареб суалгун нахъе вилълъана.

Гьедин ана цо къоялъул чамалиго сагIат.

СагIат лъикIаб батагиха,СултIан Расулович, дур тIолалго пикрабазе, хьулазе ва анищазе!

Щиб лъалеб, дур гIишкъудул тIегьги тIегьазе бегьула. Гьеб букIина дур наслуялда яги цIалдолезуль цIияб цIва гвангъани, ай искусствоялде рокьи бугеб рижи бижани.

**Адам АВАРАВ**



# Рахьдал мацIалъул устар



Районалъул школазда гьоркьоб лъикIаздасан цояб ккола нижер Кьохъ гьоркьохъеб школа.
Школалъул буго кIудияб коллектив. Руго гьенир гIезегIан махщелгун хIалтIул хIалбихьи бугел учительзабиги гьанжего гьанже захIматалъулаб нухде гали тIамулел гIолилалги. Дие бицине бокьун буго гьездасан цояв-МухIамадов ГIабдусаламил хIакъалъулъ. Абизе бегьула гьес тIубараб гIумру кьунин росдал лъималазе тарбия-лъай кьеялъе.Бигьаяб букIинчIо гьесул гIумруялъул нух. Бищунго улкаялъе захIматал рагъда хадусел соназде ккана гьесул лъимерлъи. Хеккого хвана росдал учительлъун вукIарав эмен. Ккана эбелалъул цIобалде кIиго гьитIинав вас. Эбел рагъул соназ курсалги лъугIун, школалда учительницалъун хIалтIулей йикIана.Эмен МухIамадилги эбел ПатIиматилги анищ букIана лъималазе лъикIаб лъай кьезе, гьел цIаларал, махщел бугел гIадамаллъун рахъине.Росги хун хутIарай ПатIиматица жиндиего рагIи кьуна, щиб захIмалъи дандчIваниги, лъимал цIализе гьаричIого теларилан.МагIарулалъ гьеб рагIи ккуна.

КIудияв вас Жамалудинил лъугIана пединститут, хIалтIана гIагараб школалда. ГьитIинав ГIабдусаламги эбелалъ, росулъ 8 класс лъугIарабго, витIана АнсалтIе интернаталде. Гьениб цIалун лъугIана 10 класс. Киве инев? ЦIалуде кутакалда гьира букIана, амма эбел жийго тезеги ракIалъ къабул гьабулеб букIинчIо. Гьес ургъел бикьана школалъул директорлъун вукIарав, жиндие учительлъиги эменлъиги гьабурав Шамсудинов Сиражудинилгун. Сиражудиница абуна:«БитIараб буго, дир вас, эбел жийго тоге, цIализе заочноги бегьула. ГьитIинаб букIаниги, хIалтIи дуе школалдаги камиларо». Сиражудиница гьев вачана школалде лаборантлъун хIалтIизе. Гьенисан витIана армиялде. ТIад вуссун хадув заочно лъугьана педучилищалде цIализе ва байбихьул классазда учительлъун хIалтIизе. ЛъугIана педучилище. ХIукму ккана тIадегIанаб лъай босизе, эбел-инсул анищ тIубазабизе. ЛъугIизе гьабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университет. Вахъана рахьдал мацIалъул унго-унгояв устарлъун. Лъималаздасан йоххун йикIунаан ПатIимат, пикрабалъ гьей росгун гаргадулаан: «ТIубанаха, МухIамад, дур анищ. Щвана лъималазе тIадегIанаб лъай».
Жакъаги, 70 сонилъе вахарав, ГIабдусалам цойгидаздаса хIалтIизе жигарав вуго. Гьес рачунел руго тIасиял классазда дарсал, рахьдал мацIалъул дарсал, гьелда сверухъ гIемераб дагIба-къец букIаниги. Гьанже магIарухъги модаялде бачIун буго гIурус мацI рокъоб бицин, цо-цо эбел-эмен чIухIунцин рукIунел руго лъималазда гIурус мацI лъалеб бугин, рахьдал мацI лъачIого хутIиларин. Лъалаан гури гьоза рахьдал мацI, эбелалъ, телефонги кодобе кьун течIого, магIарул мацIалъ маргьоги бицунебани, кинидахъ кучIдулги ахIулелани.ГIабдусаламил гьастIа нилъеда гьеб бада-гъудур батуларо.Гьеб буго унго-унгояб мугIалимзабазул гьансито, магIарул махIги, яхIги, мацIги гьорлъ бессараб гьансито. Гьесул гьастIе данделъула, живго малъльичIого, 6 учитель-васал, яс, нусаби, чIужу. Гьесул гIумрудул гьудул УмулхIайбатица 40 соналъ хъвазеги цIализеги малъльулеб буго росдал гьитIичазда. Инсулго, кIудияв инсулго нухдасан ана ГIабдусаламилги УмулхIайбатилги лъималги. Вас НурмухIамадица лъугIизе гьабуна педучилище, хIалтIулев вуго Кьохъ росдал администрациялда, яс Разият, вас Расул хIалтIулел руго Кьохъ росдал школалда. ГIабдусалам ккола лъикIав эмен гуревги, хабар гьуинав кIудадаги. Гьес лъималазул лъималазе гIемер рицуна халкъиял маргьаби, кучIдул, росдал тарихалдаса биценал. Йохъ, хвеларо рахьдал мацI, ГIабдусалам гIадал мацIалъул устарзабиги рукIадго.

Кьеги ГIабдусаламиеги хъизаналъеги сахлъи ва гIумру бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьезе.

**Гьадигат Шамсудинова**

# Къадру-къимат цIикIкIарав, хIурмат бугев МугIалим!

**Зиявдинов МухIамад Пазлудинович** гьавуна 1943 соналъ, Болъихъ районалъул ТIандо росулъ гIалимчиясул хъизаналда. ГьитIинго эменги хун, бесдал хутIарав вас гIезавуна эбелалъ. Гьев гIуна гIадатияв, ракIбацIцIадав, ритIухъав ва киназго адаб-хIурмат гьабулев чилъун. 1957 соналъ, гIагараб школаги лъугIизабун, гьев уна ц1ализе Хасавюрталда бугеб педучилищеялде. ЛъикIал къиматазда педучилищеги лъугIизабун, гьев вачIуна жиндирго гIагараб росулъе ва гьебго соналъ хIалт1изе байбихьана. 1963 соналдаса нахъе 2018 соналде щвезегIан



(55 соналъ) гьоркьоса къот1ич1ого хIалт1ана жиндаго барахщи гьеч1ого г!ун бач!унеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъул нухда маг!арул мацIалъул мугIалимлъун. ЗахIматаб ва къиматаб хIалтIухъ гьев мустахIикълъана батIи-батIиял шапакъатазе: «МустахIикъав муг1алим», «Отличник народного образования», «Народный учитель» ва гь.ц. Исана, т1оцебесеб сентябралъ, хIурматалда бетIер къулун, гьес къо лъикI гьабуна хирияб школагун, жиндирго лъималгIан хириял лъугьарал цIалдохъабазулгун, яцал-вацаллъун рикIкIунел мугIалимзабигун. РакI-ракIалъулаб баркала кьуна гьес росдаего. Росу жамагIатго цIализе гьабурав, гьезие тарбия къурав мугIалимас школа тей, киназего ц1акъ захIмалъана. Школалда хIалтIи гуребги, гьес цадахъго гIезабуна ва лъикIаб тарбия кьуна жиндирго хъизаналъе. Хъизан МухIамадил кIудияб буго. Киналго лъималги росдал гIадатал цIунарал, гIаданлъи бугеллъун лъугьана. Нижее киназего бокьилаан МухIамад Пазлудиновичасда баркизе тIаде щвараб мугIалимзабазул къо, гьаризе гьесие щулияб сахлъи, роххел, аваданлъи, лъималаздасан воххун тей.

**Баркигун**
**ТIандо гьоркьохъеб школалъул коллектив.**

# БАЖАРИ БУГЕВ ДИРЕКТОР

Кидаго къиматаб ва къадруяб бук1ана ва буго Муг1алимасул махщел.

Гьеб г1ададаги гурощай абуни гьес кьолелъул лъималазе тарбия-лъай ва куцалелъул г1ун бач1унеб г1елалъулъ г1агараб ракьалде, бокьулеб Ват1аналде, умумузул г1адатазде , нилъерго тарихалде адаб-х1урмат.

Гьединан лъимал куцаялда сверухъ кIудияб хIалтIи гьабулезда гьоркьов вуго ТIасутIа росдал школалъул директор ГIабдулмаликов Камил.

Камил гьавуна 1966 соналъ ТIасутIа росулъ. Болъихъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун,гьев уна Советияб Армиялде тIадаб борч борхизе.

Армиялдаса тIад вуссун хадув цIализе лъугьуна Хасавюрталъул педагогияб училищеялде физкультурнияб отделениялде. Училищеялда гIей гьабун чIечIого, Камилица цIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъулаб педагогияб институтги. Гьеб лъугIун хадув хIалтIизе вачIуна гIагараб ТIасутIа росулъе.

Школалда хIалтIулаго, гьес живго вихьизавуна бажари бугев мугIалим хIисабалда.

Камилил дарсазда аслияблъун ккола щибаб дарсил тема лъималазда бичIчIунедухъ малълъи, цIалуде гьезул гьира базаби. ЦIалдохъабазда гьоркьов цониги хутIуларо малълъулеб темаялда тIад ургъуларев, гьелъул магIнаги хIисабги гьабуларев цIалдохъан.

ГIемерал соназ хIалтIун щвараб хIалбихьиялъ рес кьуна Камилие жиндирго методика гIуцIизе. Гьеб методикаялъул тIокIлъи ккола дарсазда, учительго гIадин, цIалдохъабиги хIалтIи, ургъи ва гIахьаллъи. Гьесул выпускалъул цIалдохъабаз щибаб ц1алул соналда росулел рукIана призалъулал бакIал. Гьединав бажариги махщелги бугев учитель вукIин хIисабалдеги босун, гьев тIамула росдал школалъул директорлъун.

Гьале 17 соналъ бажарун нухмалъи гьабулеб буго К.Г1абдулмаликовас г1агараб школалъе.

Гьев ккола тIадегIанаб категориялъул мугIалим, халкъияб лъай кьеялъул отличник.

Гьединго, гьев мустахIикълъана «Россиялъул Федерациялъул халкъияб лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб цIаралъе ва гIемерал батIи-батIиял шапакъатазе.

**М. МУХIАМАДБЕГОВ,**
***ТIасутIа росдал школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим.***

# 27 СЕНТЯБРЬ-ТАРБИЯЧИЯСУЛ КЪО!
# «РОДНИЧОК» ЯСЛИ-АХИКЬ РОХХАЛИЛАБ ТАДБИР

Жакъа 28 сентябралда жидерго махщалилаб тарбиячагIазул къо кIодо гьабуна Болъихъ росдал «Родничок» ясли-ахалда. Календаралда букIун гурони, ракIалде щолареб гьаб къо нижеца пикру гьабуна киналго цадахъ хIалтIулелгун ва, гьединго, районалъул цоги росабалъан ясли-ахалъул нухмалъулелги ахIун тIобитIизе,-ян баян кьуна ИзмагIилова ПатIимат МухIамадовналъ.

Редакциялъул ва телевидениялъул хIалтIухъабиги ахIун рукIана гьеб рохел гIахьал гьабизе.

ТIоцебесеб хIалтIи я хIисабалдасан ун цIакъаб букIуна яги хадуб гьабулелъул лъикIабщинаб тIаде жубазе бакI тараб гIадаб лъугьуна. Балагьарав дидани ккана кидаго билълъанхъизабулеб гIадат батилин гьабилан. Гьедин берцингоги беричгоги букIана гIуцIи. ГIисиназдасан байбихьун, чIахIиял группабазде щвезегIан, киналго цере рахъана ва жидерго махщалие чIвалеб хъатидасан чIухIун лъималазул бералги кенчIолел рук1ана.

-Нижер ясли-ах рагьун гьаб ункъабилеб сон буго,- ян жиндирго хабар халат гьабуна заведующаялъ. - Щуго группа букIана гьоркьисала, исана



анлъабилеб группаги рагьана. Лъимал руго гIемер, умумулги руго нижедасан цIакъ разиго136 лъимер буго жакъа къоялде щвезегIан нижехъ тарбиялда. Гьездасан 15 лъимер рагъулаб шагьаралдасаги бачIуна нижехъе, гьаниб бугеб тартибги тарбияги бихьун.

Гьазда байрам баркизе гьоболлъухъ щун ругоан РахатIа, АнсалтIа, Гъодобери, ГIашали, «Чебурашка» ясли-ахалъул ва, гьединго, РУНОялъул хIалтIухъабиги.

Ункъо сон аниги, сон рагьараб гIадаб рацIц1а-ракъалъигун къачIа-кIатIайги бугоан азбаралъуб ва лъималазе тарбия кьолел рукъзабахъ. Рега-рахъиналъе ва квен-тIехалъеги бугоан низамгун тартиб чIезабун.

Гьай-гьай, бокьилаан лъималазул церерахъиназулъ рихьизе Аваразул маргьабалъа бахIарзал, рикIкIунеб рагIизе магIарул кечI ва гьарулел кьурдаби. ГIурусазулги лъимал гьорлъ ругилан абун багьана батизеги бегьула гьезул хIалтIухъабаз, амма дун гьелда рази гьечIо. Гьезул умумузги инкар гьабиларин ккола «Гьарс»-анги ахIун, Сережа яги Женя кьурдани.

Лъала, рокьиларо дир ахирият рагIаби заведующаялъе ва РУНОялъул хIалтIухъабазе, амма диего цIакъ рекIее гIечIеб жо абичIого чIеларо ва теларо…

Нилъго нилъецаго кIодо гьаричIони, цойгидазда цереги гIисиналлъун хутIула.

Жакъа гьезул данделъи лъикI ана, тIадеялъулалде балагьила.

**Адам Аварав**



# СЕМИНАР ТIОБИТIАНА



Араб итни къоялъ ГIанди росдал №2 гьоркьохъеб школалда тIобитIана директорзабазул заманалда семинар-совещание.

Семинаралда гIахьаллъи гьабуна районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъабаз ва завучаз. Данделъи рагьана райУНОялъул ведущий специалист ХIажиева Сидратица.Рорхана лъай кьеялъул программаялда тIасан бат1и-бат1иял суалал: олимпиадаби тIоритIиялъул, рагьарал дарсал гIуцIиялъул, жиндир заманалда тIадкъарал ишал ва кагътазул тIалабал тIураялъул, журналал цIезариялъул, документация рукIалида чIезабиялъул. Совещание лъугIидал, райУНОялъул методистал ана жиде-жидеца курировать гьарулел предметниказул дарсазул хал гьабизе.Гьединал рагьарал дарсал кьуна: химия, биология, г1урус ва авар мац1азул предметазда тIасан.Хасго хIайран гьаруна -«Лексика» абураб темаялда тIасан авар мацIалъул муг1алим Минай ГIумахановалъ т1обит1араб рагьараб дарсалъ.Хал гьабуна, гьединго, лъималазул лъаялъулги. Кинабго рахъалъан босани, цIалдохъабазул лъаялдасанги, мугIалимзабазул хIалтIудасанги, хас гьабун абуни, школалъул директор АхIмад АлбегхIажиевичасул нухмалъиялдасанги киналго разиго хутIана ва рехсараб семинар-совещание пайдаяб куцалда ана.

# «АХIУЛГОХI» КОМПЛЕКСАЛДЕ САПАР



Дагъал церегIан къояз Болъихъ №1 школалъул байбихьул классазул мугIалим Манапова Зулейха МухIамаднуровалъ жиндирго сурсатаздалъун гьитIичазе экскурсия гьабуна «АхIул гохI» абураб мемориалияб комплексалде.

Гьединан мугIалималъ нух батулеб буго лъималазул рекIелъе ВатIаналдехунги гьелъул тарихалдеги рокьи тIегьазабиялъе. Узухъда, кIудияб асар гьабуна гьитIичазул ракIазе тIабигIаталъул берцинлъиялъги, берцинго гIуцIараб ва тарихалъул лъалкI цIунараб хъалаялъги.

ГIицIго тIабигIаталъулгунги тарихалъулгунги лъай-хъвай ккей гуребги, гьединал экскурсияз квербакъула мугIалимасулгун лъикIаб бухьенги, гьоркьоблъиги, божилъиги баккиялъе. Гьебин абуни чара гьечIого хIажатаб жо ккола мугIалимасдаги цIалдохъабаздаги гьоркьоб. ЦIалул качество борхиялъеги лъикIал хIасилал рихьизариялъеги.

ЛъикIаб тIадчIейги, лъималаздаса тIалабчилъиги кутакай гIадан йигин Зулайха Манапова абун гьелдаса бугеб разилъи загьир гьабуна цIалдохъабазул эбелалъги. Гьебин абуни жакъа къоялъ къанагIатаб иш буго, бигьаго чи веццулеб яги гьесул хIалтIудаса разияб замана гуро гьаб бугеб.





Ва амма щибаб къойил дарс гьикъун, цIализе лъикIаб-квешаб абун лъимер батIа гьабичIого, цогояб бербалагьиялда гьоркь лъималазулгун бухьен лъикIаб къагIидаялда гIуцIун тIоритIулин дарсал абун улбузул мацIалда цIар ин кутакаб махщалил кьучIлъун бугин ракIалда ккола дидаго.

Гьеб экскурсияго гIадин гьираяб батаги цIалдохъабазе цIалуллъаялъул нухги.

**Гъумер хIадурана**
**З. МУХIАМАДОВА.**



# ПРОГРАММА

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

БетIерав редактор
ГI. ГI. ГIумаханов

Отделалъул редакторал
П. Дибирова
М-Р. ГъазимухIамадов

Мухбирзаби
*З.МухIамадова*
*М. ГIумаханова*

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
*Ш.Муртазалиев*

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*ГIаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-1-ясул къватI, 61*
*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде къуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета къабуна 20.00*

*Заказ №* _____

*Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.*
ПИ № ТУ 05 - 00381

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб къола гьезул автораз.*

# За первое полугодие российские семьи распорядились материнским капиталом на 137 млрд. руб.

За шесть месяцев 2018 года Пенсионный фонд России выдал 328,3 тыс. сертификатов на материнский капитал и удовлетворил 382 тыс. заявлений семей о распоряжении средствами на общую сумму 137,2 млрд рублей.

Основные тенденции по использованию материнского капитала, сложившиеся в прошлые годы, в целом сохранились и в 2018 году. Наибольшую часть распоряжений, как и раньше, составили заявления об улучшении жилищных условий. За полгода Пенсионный фонд удовлетворил 322,1 тыс. таких обращений на сумму 134,3 млрд рублей. Треть семей приобрели на эти средства новое жилье, направили их на строительство и компенсировали расходы за ранее построенное жилье. Две трети семей использовали материнский капитал для погашения кредитов и займов, включая уплату первого взноса и платежей по кредиту.

Несмотря на то, что жилищные вопросы остаются главной статьей расходов по материнскому капиталу, все больше семей с каждым годом проявляют интерес к использованию средств на обучение детей. За первую половину 2018-го число заявлений об улучшении жилищных условий сократилось на 5,7% (19,6 тыс.) по сравнению с аналогичным периодом прошлого года. При этом число заявлений об оплате обучения и содержания детей в образовательных учреждениях выросло в 2018-м на 32,5% (12,4 тыс.) до 50,6 тыс. заявлений, что в очередной раз подтвердило статус этого направления материнского капитала как самого динамично развивающегося.

Рост распоряжений на оплату образовательных услуг помимо прочего объясняется еще и заработавшими с начала года поправками к программе, которые сняли трехлетнее ограничение по использованию средств на дошкольное обучение детей, позволив семьям направлять деньги сразу после оформления сертификата. В итоге 7,6 тыс. семей воспользовались новой возможностью и оплатили материнским капиталом детский садик и ясли. Доля таких распоряжений среди всех заявлений, поступивших за полгода по образовательному направлению, составила 15%.

Еще одним новым направлением материнского капитала в 2018 году стали ежемесячные выплаты для семей с низкими доходами. Право на них получили семьи, в которых второй ребенок появился с начала года, а размер дохода на одного члена семьи не превышает 1,5 прожиточного минимума трудоспособного населения. За полгода Пенсионный фонд принял 13,1 тыс. заявлений семей о ежемесячной выплате и направил семьям 453 млн рублей.

На формирование пенсионных накоплений за счет материнского капитала средствами распорядились 297 семей, что почти в два раза превысило аналогичный показатель первой половины 2017-го. 35 семей оплатили материнским капиталом специализированные товары и услуги для детей-инвалидов.

В Дагестане за полгода текущего года - выдано 9234.сертификата- сообщают в Пенсионном фонде Дагестана. И вновь в приоритете - улучшение жилищных условий. На погашение кредита
- 1352
, улучшение жилищных условий - 8697, на образование детей - 35 семей.

Всего с начала действия программы материнского капитала число выданных российским семьям сертификатов достигло 8,7 млн. В Дагестане всего 264198. таких семей. Объем направленных по программе средств превысил 2,17 трлн рублей.

# РЕШЕНИЕ №3

**22 сентябрь 2018 года с. Зило**

**О делегировании депутатов сельского поселения «село Зило» в состав Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район»**

**В соответствии со *ст. 35 Федерального закона от 6.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»***, с частью 2 статьи 3 Закона Республики Дагестан от 08.12.2015г.№117 «О некоторых вопросах организации местного самоуправления в Республике Дагестан», на основании Устава муниципального района «Ботлихский район» Республики Дагестан, части 10 статьи 24 Устава сельского поселения «село Зило» муниципального района «Ботлихский район» Республики Дагестан, Собрание депутатов сельского поселения «с е л о З и л о» **р е ш и л о:**

1. Делегировать в состав Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» от Собрания депутатов сельского поселения «село **Зило» следующих депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Зило»:**

1) **Гойтиева Хасболата Шахруевича избранного по Зиловскому многомандатному избирательному округу**;

2) Магомедова **Хаджимурада Гаджиявича избранного по Зиловскому многомандатному избирательному округу.**

2. **Направить настоящее решение в Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район».**

3. Настоящее решение вступает силу со дня принятия, подлежит официальному опубликованию в районной газете «Дружба» и размещению на официальном сайте сельского поселения «село Зило».

4. Признать утратившим силу решения Собрания депутатов сельского поселения «село Зило»:

1) от 29.09.2015г.№4 «О делегировании депутата Собрания депутатов сельского поселения «село Зило» **в состав Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район»**;

2) от 29.03.2016г. №02 «О делегировании депутата Собрания депутатов сельского поселения «село Зило» **в состав Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район».**

**Глава сельского поселения** **А. Рашидов**

Колонка прокурора

# Граждане смогут оценить эффективность деятельности руководителей МФЦ

Постановлением Правительства РФ от 31.03.2018 № 395 внесены изменения в правительственный правовой акт от 12.12.2012 № 1284, позволяющие гражданам оценивать эффективность деятельности руководителей МФЦ.

Новым правовым актом действующий механизм оценки эффективности деятельности руководителей госорганов распространен, в том числе, на руководителей многофункциональных центров предоставления государственных и муниципальных услуг, так как они несут персональную ответственность за качество оказания услуг в МФЦ.

Постановлением также предусмотрено распространение указанного механизма оценки на все государственные услуги субъектов РФ и муниципальные услуги, оказание которых осуществляется в МФЦ.

Оценка эффективности будет проводиться путем СМС-опросов посетителей МФЦ, с применением терминальных и иных устройств, расположенных в многофункциональных центрах, а также с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», в частности, специализированного ресурса - сайта «Ваш контроль» и Единого портала государственных и муниципальных услуг.

Механизм оценки эффективности руководителей МФЦ распространен на все стадии предоставления оцениваемых услуг, в том числе при приостановлении их предоставления или отказе в их предоставлении.

Постановление вступает в силу с 1 июля 2019 года за исключением отдельных положений, которые вводятся в действие со дня его официального опубликования.

**Д. Джабраилов**